

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan dina naskah drama *Budah Si Narko*. Dicinekkeun kalimah sacara pragmatis anu nyoko kana opat wanda kalimah komisif, impositif, éksprésif, jeung asértif saperti ieu di handap.

- a. Jumlah kalimah pragmatis anu kapanggih dina naskah drama *Budah Si Narko* karya Dadan Sutisna kapanggih aya 625 kalimah sacara pragmatis.
- b. Disawang tina wandana, kapanggih opat kalimah pragmatis nyaéta komsif, impositif, éksprésif, jeung asértif

- (1) Kalimah komisif kapanggih aya 0,29% anu ngawengku, 0,12% kalimah komisif ngawarkeun, 0,008% kalimah komisif nitah, 0,002% kalimah komisif ngajak, 0,008% kalimah komisif meredih, 0,01% kalimah komisif ngahulag, jeung 0,13% kalimah komisif ngantebkeun.

Kalimah Impositif (Diréktif) kapanggih aya 0,28% anu ngawengku : 0,05% kalimah impositif nitah, 0,002% kalimah impositif ménta, 0,04% kalimah impositif ngadesek, 0,01% kalimah impositif miharep, 0,02% kalimah impositif nyaré, 0,006% kalimah impositif ngajak, 0,01% kalimah impositif ngageuri,

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama *Budah Sinarko* Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

0,04% kalimah impositif ngajurung, jeung 0,09% kalimah impositif ngawawadian.

(3) Kalimah Éksprésif mangrupa kalimah anu pangréana kapanggih aya 0,41% anu ngawengku : 0,09% kalimah éksprésif nyarékan, 0,002% kalimah éksprésif ngawilujengkeun, 0,06% kalimah éksprésif cumeluk, 0,04% kalimah éksprésif kagét, 0,04% kalimah éksprésif tumamprak, 0,01% kalimah éksprésif karumasaan, 0,01% kalimah éksprésif bungah, 0,04% kalimah éksprésif kanyeri, 0,05% kalimah éksprésif mupuas, 0,01% kalimah éksprésif geuleuh, jeung 0,06% kalimah éksprésif keuheul.

(4) Kalimah Asértif (Rogatif) kapanggih aya 0,02% anu ngawengku : 0,008% kalimah asértif analitis anu bebeneran eusina aya dina runtuyan kecap-kecapna, 0,006% kalimah asértif kontradiktif anu bebeneran eusina patukangtongong jeung eusi runtuyan kecap-kecapna, 0,005% kalimah asértif sintétis anu bebeneran eusina gumantung kana fakta nu aya luareun basa.

- c. Bahan pangajaran kalimah pragmatis teu bisa langsung diajarkeun minangka matéri gembler. Ku kituna matéri kalimah sacara pragmatis diselapkeun dina indikator maca naskah drama. Kalimah pragmatis dijéntrékeun saméméh murid maca naskah drama, sangkan maham kana maksud kalimah sacara pragmatis. Pangajaran kalimah teu ukur diulik ku maca tapi ku cara latihan nulis atawa ngébréhkeun pamadegan ku nulis kalimah sacara pragmatis.

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

5.2 Saran

Dina unggal panalungtikan tangtu baris aya kahéngkérana jeung kakuranganana. Lantaran ieu panalungtikan téh masih kénéh aya hal nu can dipedar, aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun.

1. Dina naskah drama loba kénéh hal anu can diulik jeung ditalungtik ngeunaan katatabasaanana. Ku kituna, masih perlu panalungtikan séjén anu ngulik kalimah dina naskah drama.
2. Panalungtikan ngeunaan kalimah sacara pragmatis teu ngan saukur bisa dilarapkeun dina naskah drama, masih kénéh loba karya sastra séjén ngandung kalimah-kalimah sacara pragmatis. Ku kituna, perlu ayana panalungtikan ngeunaan kalimah pragmatis dina karya sastra boh nu mangrupa pintonan drama, pilem boh dina wangun tulisan.
3. Perlu ayana panalungtikan anu spésifik kana salah sahiji wanda kalimah atawa kana ma'na wujud pragmatis dina salah sahiji wanda kalimah, sangkan leuwih museur.
4. Perlu ayana panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis siswa atawa mahasiswa ngeunaan salah sahiji atawa gembleng ngeunaan kalimah sacara pragmatis.

Septiadi Angga Yuda, 2012

Analisis Kalimah Pragmatis Dina Naskah Drama Budah Sinarko Karya Dadan Sutisna Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP